Ассаламу гIалайкум

# ЦIумадисезул гьаракь

Голос Цумады

2019 соналъул 1 февраль Рузман № 5 (7548) Газета бахъизе байбихьана 1937 соналъул 1 декабралда Багьа 8 гъурущ 12 +

ЦIУМАДА РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА - ЦУМАДИНСКАЯ РАЙОННАЯ ГАЗЕТА

# ЦIумадисез цIар босана Сибиралъул тахшагьаралдаги
















24-27 январалда Красноярск шагьаралда тIобитIана эркенаб гугариялъул рахъалъ халкъазда гьоркьосеб лъеберабилеб юбилеялъулаб турнир Гран-при Иван Ярыгин-2019. Гьениб Россиялъул командаяллъе анц1абго цIайиялда щвана меседил медалал, гьезда гьоркьоса нилъер районалъул гугарухъабазе щвана лъабго меседил ва кIиго гIарцул медалал.

Бищун тIадагьаб 57 кг. цIайиялда финалияб дандчIваялда ТIиссиса ГIабасхIажи МухIамадов данчIвана Чачаналдаса Муслим СагIадулаевгун. Бихьизабураб заманалда 4:4 хIисаб кканиги, чачанас гьабураб техникияб приемалъе гIоло, Г1абасхIажица гIей гьабизе ккана кIиабилеб бакIалда.

61 кг. цIайиялда финаналда араб соналъ гIолилазда гьоркьоб дунялалъул чемпионлъун вахъарав Гъоркьхъварщиниса МухIамадрасул Идрисов дандчIвана Румыниялъул гугарухъан Николай Охлапковгун. Гьеб дандчIваялдаги МухIамадрасулица, цогидал дандчIваяздаго гIадин, ракIчIараб бергьенлъи босана дандиясда тIад.

70 кг. цIайиялда нилъер дунялалъул кIицIул чемпион ТIиндиса МухIамадрасул ГъазимухIамадовасе щвана тIоцебесеб бакI. Россиялъул ва дунялалъул чемпион вукIаниги, МухIамадрасул жеги бергьун вукIинчIо Ярыгинил цIаралда бугеб турниралда. Гьанжесалалъ МухIамадрасулида кIвана гьеб Гран-приялъул турниралда бергьенлъи босизе. Финалалда ГъазимухIамадовгун дандчIвана Монголиялъул къуватав гугарухъан, дунялалъул чемпионаталъул кIиц1ул призерлъун вахъарав Мандахнарана Ганзоригун. Дандиявги тушеялда лъун, МухIамадрасулие щвана тIоцебесеб бакI.

79 кг. цIайиялда нилъер ракьцояв Инхокъвариса МухIамад Рамазанов дандияздасаги бергьун финалалда дандчIвана нилъер республикаялъул къуватав гугарухъан АхIмад ХIажимухIамадовгун. ТIоцебе букIараб гьезул дандчIваялда АхIмадидасан бергьенлъи босарав МухIамадил къуват гIечIо финалияб дандчIваялда гьесдаса бергьине. Гьесие щвана кIиабилеб бакI.

97 кг. цIайиялда турниралъул ахирисеб къоялъ, бихьизабураб заман лъугIилалдего, дандиялги къезарун, финалияб дандчIваялда ургуялде тIаде вахана КIванадаса Шамил Мусаев. Гьевгун дандчIвана Белоруссиялъул гугарухъан Александр Гуштынов. ХIалуцараб дандчIваялда 11:9 хIисабгун бергьенлъи босана Шамилица, ва гьев 21 сон барав гIолохъанчи вахъана турниралъул бищун гIолохъанав чемпионлъун.

Баркула нилъер гугарухъабазда щварал бергьенлъаби. Божи буго жеги чIахIиял бергьенлъаби гьезул хадурккун рукIиналда. Гьел жеги гIолохъанго руго, гьезул гIемерисез дагьаб цебе байбихьана чIахIиязда гьоркьор гугаризе.

Гьарула гьезие щулияб сахлъи, рохел, талихIгун икъбал.

# ТалихI кьун рохаял, кьоге тарбия, нужер тарбиялъ турулел ругин…



***Баху МухIидинова***

Къого лъеберго соналъ тарбия къваригIинего къваригIунарилан добехун гелдизабун тана. Тарбия гьечIеб бакIалда букIун бажарули жиндихъан яхIги ана анибехун. Тарбияги яхIги гьечIеб бакIалда намусалъулги квал-квал гуреб жо букIунарелъул, гьелда тIадги бакIал къанал чIвана, бетIер тIаде борхичIого букIине… Гьедин рачIинаго кIалагъоркье чIвана аб дуниял. Доб яхI-намус бакIаб жо букIунелъул, яхI гьечIел тIад росана, гьеб кибего биччачIел-тIинде ана. БитIун бицани, риди тIаде ккана, тIорахь гъоркье ккана.

ЯхI гьечIезул рагъа-ракариги гьединабго яхI-нич гьечIеб букIунелъул, вай, Аллагь, цебе букIараб лъикIила, рукIарал лъикIал гIадамалила, цоцазул букIараб къадру-къиматила… тарбия кьезе кколила гьаб гIун бачIунеб гIелалъейилан зурзудизе лъугьана нилъ. Тарбияги, яхIги ничги гьечIониги, бетIер хIалтIулеб бугелъулха. ТалихIалъ.

Гьазда лъалеб жого гьечIила, я кIудияв вачIани тIаде рахъине лъаларила, чIахIиязул адаб гьабизе лъаларила, гIисиназе кумек гьабизе лъаларилан лъималазда рекъоларогун, школалъгIагийищила тарбия кьолареб, эбел-эменги магIишаталдаса сундего регIараб заман гьечIелъулилан мекъдарана…

**Заманалъул гьоко, лъалхъе цо дагьалъ**
**Дие бокьун буго гъоркье рещтIине.**
**Дур чIамучIаб къири, чIобогояб кечI**
**ЧIалгIана гIагараб, гIайиб гьабуге.**

**ГIагараб Дагъистан, барщана мунгун,**
**Боржин дуца тедал, тана мун ракIалъ.**
**Тана къункърабаца хаслил зоб гIадин,**
**Загъалаб хераб гъветI, тIанхаца гIадин.**

**Дур кIийиде бикьи, кIигьумерчилъи,**
**КIолеб гьечIо дида тIокIалъ хIехьезе.**
**Дур хIакимзабазе хIелхIелчагIаца**
**Кьабулел хъатаца хъарсун буго ракI**-илан хъвана ХIабиб Давудовас.

Гьедин зигардилаго нилъ ралагьулел руго цере рукIаразухъги, гIун бачIунеб гIелалъухъги. Гьезул бугеб кIудияб батIалъиги бихьулеб буго.

Нилъехъго ралагьулел гьечIо, нилъго рихьулел гьечIо. ГIайибалъул бутIрул нилъголъидал! Нилъее, лъица тарбия кьунги, гьаб гIун бачIунеб гIел, дол нилъер умумузда релъине бокьун буго. Гьел тарбия щварал лъугьине бокьун буго. Амма, лъималазда цере нилъ гурони гьечIо. Нилъедаса мисалги босулеб буго.

Гьаб сверун бихьулеб, рагIулеб, лъугьунеб бугебщинаб жо гурищ гIун бачIунеб гIелалъе тарбия? Гьеле нилъер лъималаз унго-унгоги росулел дарсал. Школазда партабазда нахъаги рукIинарун, бадире килщалги регьун бицараб гуро босулеб, нилъеца гьабулеб бихьарабщинаб босула. Бищун цебе нилъеего кьезе ккола тарбия! Гьеб мехалъ лъималги лъугьуна тарбия щварал.

Щиб гьабулелха нилъ ругел? Нилъ руго бикъунги, хъамунги, гьерсал рицунги, хIелхIедунги нилъеего гIарацги рахIатги балагьулел. Гьебго заманаялъ, нилъеца бицунеб буго, нилъ нилъерго умумуздаса мисал босун хьвадизе кколила, дол гIадинал ритIухъал, бахIарчиял, лъиего бетIер къулуларел рукIине кколилан.

Гьеб буго лъугьинего лъугьунареб жо. БукIинего букIунареб жо. Нилъер умумузги нилъецаги къимат гьабулел жал руго батIи-батIиял. Умумузе бечелъилъун букIана яхI, ясбер гIадин цIунараб намус, борхатго ккураб цIар, гIелму, гIамал, бахIарчилъи… ХIасил-калам, бичун босун бажарулареб щинаб жо. Гьелъ лъималги куцалел рукIана, батIиял рукIине бегьулеблъицин лъалеб букIинчIо гьезда.

Нилъеца хвезабунаха кинабго. Нилъер бечелъи буго гIарац ва гIарцухъ бичун босун бажарулеб щинаб жо. Амма, гьелдаги нилъ чIечIо. Нилъеца чIван чIобого бичана, нилъер умумуз, гIумру кьуниги кьолареб букIараб, бичун босун бажаруларебщинаб рухIияб бечелъи. ЦIакъ учузго бичана. Нилъер мисалги берда цебе тун, нилъер лъималаз умумуздаса мисал босуларо! Гьезиеги нилъер бечелъи бокьула, дозул бокьуларо.

ХIабибица абухъе:

**РукIана гIадамал, букIана гIумру,**
**ГIаданлъи цIунарал цIвабзаз гвангъараб.**
**РукIана росаби, ясаз харцица,**
**Харида пандур хъван ахIулел кучIдул.**

**Кинабго букIараб бикъана, чIвана**
**ЧIегIерал накIкIаца рахчана зобал.**
**Роржунелщиналде бана гIарада**
**ГIисинлъи босана, борхалъи бичун.**

**Гьанже щиб дир угьди, дир чIалгIен, дир кечI-**
**Карачелабалъе тIинкIараб магIу.**
**МугIрузде лъутулел дир хиялазда**
**Хурхарал анищаз угьараб хIухьел.**

**Дун гъоркье рештIина, мун цебехун а,**
**Ццидалаб, хIинкъараб, къабихIаб заман.**
**Дуе зани чIвараб заман бачIани,**
**ВачIина тIадвуссун, чIаго хутIани.**

**Огь, гIаздалъ хутIараб, хирияб тIалъи,**
**ТIадго буссинебдай духъе араб их.**

КигIандай гIодизе ккелел, чанцIулдай керен хачазе ккелеб?!

## Бюджет
## администрации сельского поселения «село Сильди» на 2019г.

(тыс. руб.)

| № п/п | Наименование показателей | сумма 2019 |
|---|---|---|
| | 2 | 3 |
| | **Собственные доходы:** | |
| 1 | Налог на дох. физ. лиц | 16,5 |
| 2 | Налог на имущества | 9,6 |
| 3 | Земельный налог | 46,0 |
| 4 | Сельхоз налог | 1,8 |
| 5 | Прочие налоговые доходы | 0,9 |
| | **Итого собственные доходы** | **74,8** |
| | **Трансферты** | |
| 1 | Объем дотаций | 719,0 |
| 3 | Субвен.регист.актов ЗАГСа | 0,7 |
| 4 | Субвен. ВУС | 83,0 |
| | **Итого** | **802,7** |
| | **Всего доходов** | **877,5** |
| | | |
| | **Расходы:** | |
| 1 | **Аппарат** | **771,6** |
| | в т.ч. зарплата | 463,5 |
| 2 | **Проведение выборов** | |
| 3 | **Резервный фонд** | |
| 4 | **ЗАГС** | **0,7** |
| 5 | **ВУС** | **83,0** |
| | в т.ч. зарплата | 64,0 |
| 6 | **ЖКХ** | **17,2** |
| 7 | **Молодёжная политика** | |
| 8 | **Культура** | |
| | в т.ч. зарплата | |
| 9 | **ФК и спорт** | **5,0** |
| | **Всего расходов** | **877,5** |
| | в т.ч. зарплата | 527,5 |

**Глава сельского поселения «село Сильди» А. Абдурахманов**

## Бюджет
## администрации сельского поселения «село Саситли» на 2019г.

(тыс руб)

| № п/п | Наименование показателей | сумма 2019 |
|---|---|---|
| | 2 | 3 |
| | **Собственные доходы:** | |
| 1 | Налог на дох. физ. лиц | 15,9 |
| 2 | Земельный налог | 77,7 |
| 3 | Налог на имущества | 10,8 |
| 4 | Сельхоз налог | 1,8 |
| 5 | НЕНАЛОГОВЫЕ ДОХОДЫ | 1,3 |
| | **Итого собственные доходы** | **107,5** |
| | **Трансферты** | |
| 1 | Объем дотаций | 1038,0 |
| 2 | Дотация на частичную компенс | 6,0 |
| 3 | Субвен.регист.актов ЗАГСа | 1,5 |
| 4 | Субвен. ВУС | 83,0 |
| 5 | Невыясн. Поступл бюджет АСП | |
| | **Итого** | **1128,5** |
| | **Всего доходов** | **1236,0** |
| | | |
| | **Расходы:** | |
| 1 | **Аппарат** | **763,9** |
| | в т.ч. зарплата | 497,0 |
| 2 | **Проведение выборов** | |
| 3 | **Резервный фонд** | |
| 4 | **ЗАГС** | **1,5** |
| 5 | **ВУС** | **83,0** |
| | в т.ч. зарплата | 63,7 |
| 6 | **ЖКХ** | **185,0** |
| 7 | **Молодёжная политика** | |
| 8 | **Культура** | **172,6** |
| | в т.ч. зарплата | 132,6 |
| 9 | **ФК и спорт** | **30,0** |
| | **Всего расходов** | **1236,0** |
| | в т.ч. зарплата | 693,3 |

**Глава сельского поселения «село Саситли» З. Набигулаев**

## Бюджет
## администрации сельского поселения «сельсовет Хваршинский» на 2019г.

(тыс. руб.)

| № п/п | Наименование показателей | сумма 2019 |
|---|---|---|
| | 2 | 3 |
| | Собственные доходы: | |
| 1 | Налог на дох. физ. лиц | 16,9 |
| 2 | Налог на имущества | 10,2 |
| 3 | Земельный налог | 60,3 |
| 4 | Сельхоз налог | 1,2 |
| 5 | Прочие налоговые доходы | 1,5 |
| | **Итого собственные доходы** | **90,1** |
| | Трансферты | |
| 1 | Объем дотаций | 1152,0 |
| 2 | Дотация на частич компен. | 5,9 |
| 3 | Субвен.регист.актов ЗАГСа | 4,4 |
| 4 | Субвен. ВУС | 84,0 |
| | Итого | 1246,3 |
| | Всего доходов | 1336,4 |
| | Расходы: | |
| 1 | Аппарат | 1050,5 |
| | в т.ч. зарплата | 636,6 |
| 2 | Проведение выборов | |
| 3 | Резервный фонд | |
| 4 | ЗАГС | 4,4 |
| 5 | ВУС | 84,0 |
| | в т.ч. зарплата | 64,5 |
| 6 | ЖКХ | 15,0 |
| 7 | Молодёжная политика | |
| 8 | Культура | 172,5 |
| | в т.ч. зарплата | 132,5 |
| 9 | ФК и спорт | 10,0 |
| | Всего расходов | 1336,4 |
| | в т.ч. зарплата | 833,6 |

**Глава сельского поселения «сельсовет Хваршинский» А. Магомедов**

## Бюджет
## администрации сельского поселения «село Гакко» на 2019г.

(тыс. руб.)

| № п/п | Наименование показателей | сумма 2019 |
|---|---|---|
| | 2 | 3 |
| | Собственные доходы: | |
| 1 | Налог на дох. физ. лиц | 8,5 |
| 2 | Налог на имущества | 21,3 |
| 3 | Земельный налог | 92,7 |
| 4 | Сельхоз налог | 4,2 |
| 5 | Прочие налоговые доходы | 1,0 |
| | **Итого собственные доходы** | **127,7** |
| | Трансферты | |
| 1 | Объем дотаций | 787,0 |
| 2 | Дотация на частич. Компенсацию | |
| 3 | Субвен.регист.актов ЗАГСа | 1,2 |
| 4 | Субвен. ВУС | 82,0 |
| | Итого | 870,2 |
| | Всего доходов | 997,9 |
| | Расходы: | |
| 1 | Аппарат | 872,6 |
| | в т.ч. зарплата | 500,5 |
| 2 | Проведение выборов | |
| 3 | Резервный фонд | |
| 4 | ЗАГС | 1,2 |
| 5 | ВУС | 82,0 |
| | в т.ч. зарплата | 63,0 |
| 6 | ЖКХ | 32,1 |
| 7 | Молодёжная политика | |
| 8 | Культура | |
| | в т.ч. зарплата | |
| 9 | ФК и спорт | 10,0 |
| | Всего расходов | 997,9 |
| | в т.ч. зарплата | 563,5 |

**Глава сельского поселения «село Гакко» И. Магомедов**

## Объявление

В связи с проведением 7 февраля 2019 г. в администрации МР «Цумадинский район» встречи со студентами, просьба всем студентам-отличникам высших учебных заведений в срок до 5 февраля 2019 г. предоставить в районную администрацию справку-информацию, подтверждающую свою отличную учебу.

Контактный телефон -89640043230.

## Бюджет администрации сельского поселения «село Метрада» на 2019г.

(тыс. руб.)

| № п/п | Наименование показателей | сумма 2019 |
|---|---|---|
| | 2 | 3 |
| | Собственные доходы: | |
| 1 | Налог на дох. физ. лиц | 22,5 |
| 2 | Налог на имущества | 43,0 |
| 3 | Земельный налог | 21,3 |
| 4 | Сельхоз налог | 0,3 |
| 5 | Прочие неналоговые доходы | 1,5 |
| | Итого собственные доходы | 88,6 |
| | Трансферты | |
| 1 | Объем дотаций | 1154,0 |
| 2 | Дотация на частичную компенс. | |
| 3 | Субвен.регист.актов ЗАГСа | 2,6 |
| 4 | Субвен. ВУС | 83,0 |
| | Итого | 1239,6 |
| | Всего доходов | 1328,2 |
| | Расходы: | |
| 1 | Аппарат | 947,6 |
| | в т.ч. зарплата | 500,5 |
| 2 | Проведение выборов | |
| 3 | Резервный фонд | |
| 4 | ЗАГС | 2,6 |
| 5 | ВУС | 83,0 |
| | в т.ч. зарплата | 63,8 |
| 6 | ЖКХ | 295,0 |
| 7 | Молодёжная политика | |
| 8 | Культура | |
| | в т.ч. зарплата | |
| 9 | ФК и спорт | |
| | Всего расходов | 1328,2 |
| | в т.ч. зарплата | 564,3 |

**Глава сельского поселения «село Метрада» Ш. Абдусаламов**

## Бюджет администрации сельского поселения «село Кеди» на 2019г.

(тыс. руб.)

| № п/п | Наименование показателей | сумма 2019 |
|---|---|---|
| | 2 | 3 |
| | Собственные доходы: | |
| 1 | Налог на дох. физ. лиц | 17,9 |
| 2 | Налог на имущества | 42,3 |
| 3 | Земельный налог | 52,4 |
| 4 | Сельхоз налог | 1,8 |
| 5 | Неналоговые доходы | 1,8 |
| | Итого собственные доходы | 116,2 |
| | Трансферты | |
| 1 | Объем дотаций | 1367,0 |
| 1 | Дотация на частич. компенс. | 6,0 |
| 2 | Субвен.регист.актов ЗАГСа | 3,6 |
| 3 | Субвен. ВУС | 85,0 |
| | Итого | 1461,6 |
| | Всего доходов | 1577,8 |
| | Расходы: | |
| 1 | Аппарат | 1050,4 |
| | в т.ч. зарплата | 670,0 |
| 1 | Субсидия | |
| 2 | ЗАГС | 3,6 |
| 3 | ВУС | 85,0 |
| | в т.ч. зарплата | 65,0 |
| 6 | ЖКХ | 235,6 |
| 7 | Молодёжная политика | |
| 8 | Культура | 173,2 |
| | в т.ч. зарплата | 133,0 |
| 9 | ФК и спорт | 30,0 |
| | Всего расходов | 1577,8 |
| | в т.ч. зарплата | 868.0 |

**Глава сельского поселения «село Кеди» Б. Абасов**

## Бюджет администрации сельского поселения «сельсовет Инхокваринский» на 2019г.

(тыс. руб.)

| № п/п | Наименование показателей | сумма 2019 |
|---|---|---|
| | 2 | 3 |
| | Собственные доходы: | |
| 1 | Налог на дох. физ. лиц | 18,5 |
| 2 | Налог на имущества | 19,3 |
| 3 | Земельный налог | 54,7 |
| 4 | Сельхоз налог | 0,6 |
| 5 | Прочие налоговые доходы | 1,8 |
| | Итого собственные доходы | 94,9 |
| | Трансферты | |
| 1 | Объем дотаций | 1404,0 |
| 2 | Дотация на частич.компенсацию | 5,9 |
| 3 | Субвен.регист.актов ЗАГСа | 2,7 |
| 4 | Субвен. ВУС | 84,0 |
| | Итого | 1496,6 |
| | Всего доходов | 1591,5 |
| | Расходы: | |
| 1 | Аппарат | 961,6 |
| | в т.ч. зарплата | 628,1 |
| 2 | Проведение выборов | |
| 3 | Резервный фонд | |
| 4 | ЗАГС | 2,7 |
| 5 | ВУС | 84,0 |
| | в т.ч. зарплата | 64,5 |
| 6 | ЖКХ | 218,0 |
| 7 | Молодёжная политика | 0,0 |
| 8 | Культура | 275,2 |
| | в т.ч. зарплата | 133,0 |
| 9 | ФК и спорт | 50,0 |
| | Всего расходов | 1591,5 |
| | в т.ч. зарплата | 825,6 |

**Глава сельского поселения «сельсовет Инхокваринский» А. Хизриев**

## Бюджет администрации сельского поселения «село Тлондода» на 2019г.

(тыс. руб.)

| № п/п | Наименование показателей | сумма 2019 |
|---|---|---|
| | 2 | 3 |
| | Собственные доходы: | |
| 1 | Налог на дох. физ. лиц | 17,6 |
| 2 | Налог на имущества | 16,1 |
| 3 | Земельный налог | 30,4 |
| 4 | Сельхоз налог | 3,0 |
| 5 | Прочие налоговые доходы | 1,9 |
| | Итого собственные доходы | 69,0 |
| | Трансферты | |
| 1 | Объем дотаций | 1507,0 |
| 2 | Дотация на частичную компен. | 5,9 |
| 3 | Субвен.регист.актов ЗАГСа | 2.3 |
| 4 | Субвен. ВУС | 87,0 |
| | Итого | 1602,2 |
| | Всего доходов | 1671,2 |
| | Расходы: | |
| 1 | Аппарат | 783,5 |
| | в т.ч. зарплата | 482,0 |
| 2 | Проведение выборов | |
| 3 | Резервный фонд | |
| 4 | ЗАГС | 2,3 |
| 5 | ВУС | 87,0 |
| | в т.ч. зарплата | 66,8 |
| 6 | ЖКХ | 531,0 |
| 7 | Молодёжная политика | 5,0 |
| 8 | Культура | 172,9 |
| | в т.ч. зарплата | 132,8 |
| 9 | ФК и спорт | 89,5 |
| | Всего расходов | 1671,2 |
| | в т.ч. зарплата | 681,6 |

**Глава сельского поселения «село Тлондода» М. Гамзатов**

## Бюджет администрации сельского поселения «сельсовет Хуштадинский» на 2019 г.

(тыс. руб.)

| № п/п | Наименование показателей | сумма 2019 |
|---|---|---|
| | 2 | 3 |
| | Собственные доходы: | |
| 1 | Налог на дох. физ. лиц | 75,2 |
| 2 | Налог на имущества | 104,5 |
| 3 | Земельный налог | 75,1 |
| 4 | Сельхоз налог | 4,8 |
| 5 | Прочие налоговые доходы | 3,5 |
| | Итого собственые доходы | 263,1 |
| | Трансферты | |
| 1 | Объем дотаций | 2681,0 |
| 2 | Дотация на частичную компенс. | 5,9 |
| 3 | Субвен.регист.актов ЗАГСа | 8,7 |
| 4 | Субвен. ВУС | 90,0 |
| | Итого | 2785,6 |
| | Всего доходов | 3048,7 |
| | Расходы: | |
| 1 | Аппарат | 1415,9 |
| | в т.ч. зарплата | 775,0 |
| 2 | Проведение выборов | |
| 3 | Резервный фонд | 10,0 |
| 4 | ЗАГС | 8,7 |
| 5 | ВУС | 90,0 |
| | в т.ч. зарплата | 69,1 |
| 6 | ЖКХ | 1230,0 |
| 7 | Молодёжная политика | 10,0 |
| 8 | Культура | 224,1 |
| | в т.ч. зарплата | 133,2 |
| 9 | ФК и спорт | 60,0 |
| | Всего расходов | 3048,7 |
| | в т.ч. зарплата | 977,3 |

**Глава сельского поселения «сельсовет Хуштадинский» А. Исмаилов**

## Бюджет администрации сельского поселения «сельсовет Эчединский» на 2019 г.

(тыс. руб.)

| № п/п | Наименование показателей | сумма 2019 |
|---|---|---|
| | 2 | 3 |
| | Собственные доходы: | |
| 1 | Налог на дох. физ. лиц | 20,8 |
| 2 | Земельный налог | 26,6 |
| 3 | Налог на имущества | 30,6 |
| 4 | Прочие неналоговые | 2,3 |
| 5 | Сельхоз налог | 3,6 |
| | Итого собственные доходы | 83,9 |
| | Трансферты | |
| 1 | Объем дотаций | 1812,0 |
| 2 | Дотация на частич. компенс. | 11,8 |
| 3 | Субвен.регист.актов ЗАГСа | 7,5 |
| 4 | Субвен. ВУС | 87,0 |
| | Итого | 1918,3 |
| | Всего доходов | 2002,2 |
| | Расходы: | |
| 1 | Аппарат | 1073,2 |
| | в т.ч. зарплата | 676,0 |
| 2 | Проведение выборов | |
| 3 | Резервный фонд | |
| 4 | ЗАГС | 7,5 |
| 5 | ВУС | 87,0 |
| | в т.ч. зарплата | 67,0 |
| 6 | ЖКХ | 358,5 |
| 7 | Молодёжная пол. (безоп.) | |
| 8 | Культура | 461,0 |
| | в т.ч. зарплата | 267,0 |
| 9 | ФК и спорт | 15,0 |
| | Всего расходов | 2002,2 |
| | в т.ч. зарплата | 1010,0 |

**Глава сельского поселения «сельсовет Эчединский» А. Курамагомедов**

«Редакция газеты «ЦIумадисезул гьаракь» («Голос Цумады»)» Муниципальное унитарное предприятие, сокращенно МУП «РГГЦ»

БетIерав редактор Малачдибиров ГIубайдула СагIадулаевич 2-52-44

Жавабияв секретарасул бакIалда МухIамад ГIабдулаев 2-52-92

Редакциялъул (издателасул) адрес: 368900 Дагъистан Республика, ЦIумада район, Агъвали росу.

**Учредитель:** Администрация МР «Цумадинский район»

Газета къватIибе биччана РГЖТялъул типографиялда. Адрес: 367018, МахIачхъала шагьар, Петр I-сул проспект,61

Тираж -1940 Газеталъул индекс: 51377 (бащдаб лъагIалие) 63302 (лъагIалие)

Макъалабазда рехсарал хIужабазул, тарихазул бальголъи гъорлъ бугел ва цогидалги баяназул жаваб авторас кьола.

Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере массовых коммуникаций, связи и охраны культурного наследия по Республике Дагестан. Свидетельство о регистрации ПИ №ФС 05-0005 от 20 августа 2008 г.

Электронниябь почалъул адрес: Golostsumady@mail.ru